



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA AVÈK "NEW YORK FASHION WEEK: THE SHOWS" POU SIPÒTE REVITALIZASYON ENDISTRI KREYATIF YO NAN NEW YORK**

*Eta a ap bay aksè konplèmantè ak lokal defile anblematik yo pou semèn mòd New York la, sa gen ladan Moynihan Train Hall ak Robert F. Wagner Jr. Park*

*Semèn mòd New York la - ki egzije prè vaksinasyon pou tout evènman yo - mete aksan sou re-ouvèti ekonomik san danje ak rekiperasyon kapital mòd Etazini*

*Gouvènè Hochul raple ti biznis New York yo ki gen difikilte ekonomik akòz pandemi COVID-19 la ke finansman ap toujou disponib atravè [Pwogram Sibvansyon pou Rekiperasyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19 la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon patenarya avèk "New York Fashion Week: The Shows" pou ankouraje kwasans nan sektè endistri kreyatif New York la. Eta a ap fè patenarya avèk IMG - pwodiktè evènman santral New York Fashion Week, "NYFW: The Shows" - pou bay aksè konplèmantè ak lokal defile anblematik pou New York Fashion Week (Semèn Mòd New York) sezon septanm sa a, sa gen ladan Moynihan Train Hall ak Robert F. Wagner Jr. Park nan Battery Park City.

"New York se kapital mòd Etazini epi New York Fashion Week ane sa a voye yon gwo mesaj pou di Vil New York tounen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri mòd ak kreyatif nan New York yo se motè enpòtan pou kwasans ekonomik ak touris epi pandemi an te frape yo di anpil. Nou fyè pou nou fè patenarya avèk endistri mòd la pou sipòte retou ti biznis nou yo ak ranfòse ekonomi New York la".

**Prezidan Evènman ak Pwopriyete Mòd IMG a, Leslie Russo, te deklare,** "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Eta New York pou patenarya kontinyèl yo. Eta nou an ilistre lidèchip nan rekiperasyon global anba pandemi COVID-19 la epi se akòz oryantasyon yo ke nou te kapab gen yon retou san danje ak reyisi pou travay pou endistri mòd la. Atravè patenarya inik sa a, nou fyè pou nou prezante lokal anblematik Vil New York yo kòm aryè plan pou koleksyon yo nan sezon sa a".

Twa esitilis mòd nan New York pral òganize defile yo nan espas istorik yo nan Eta a, onore ak selebre rekiperasyon New York.

Jodi a, Prabal Gurung te òganize kòmansman koleksyon li nan Robert F. Wagner Jr. Park nan 9 P.M. avèk prezans Gouvènè Kathy Hochul. Cynthia Rowley pral òganize kòmansman koleksyon li ki gen pou fèt nan Robert F. Wagner Jr. Park nan 4 P.M. nan vandredi 10 septanm. An final, Victor Glemaud pral òganize kòmansman koleksyon li nan Moynihan Train Hall nan 12 P.M. nan dimanch 12 septanm.

New York Fashion Week selebre New York ak endistri kreyatif ozalantou li kòm kapital mòd, tou de sou sèn lokal ak global. Opòtinite pou kòmanse nouvo koleksyon yo pou achtè, medya, endistri ak piblik konsomatè yo alimante siksè kontinyèl biznis estilis mòd yo nan kapital mòd Etazini an.

Endistri mòd, komès ak kreyatif la ansanm reprezante yon motè ekonomik kle pou Eta New York ke pandemi COVID-19 la te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl. Nan Vil New York sèlman, anvan pandemi an, endistri mòd la te anplwaye 4.6 pousan mendèv vil la, ki jenere anviwon 11 milya dola nan salè total yo.

Sektè piblik ak prive yo ap travay ansanm pou sipòte ti biznis ki afekte yo pandan y ap restore ak kreye nouvo djòb pou Nouyòkè yo. Ti biznis New York yo ki te fè fas ak difikilte ekonomik akòz pandemi COVID-19 la kapab toujou aplike pou finansman atravè [Pwogram Sibvansyon pou Rekiperyon Ti Biznis apre Pandemi COVID-19](#).

Nan me 2021, IMG te fòme Alyans Mòd IMG (IMG Fashion Alliance) pou kreye yon potò angilè pou revitalizasyon NYFW epi ede nan rekiperyon endistri mòd ak komès New York apre enpak devastatè pandemi COVID-19 la. Atravè pwogram lan, IMG te bay sipò, finansman ak resous pou 11 estilis endepandan NYFW, sa gen ladan Altuzarra, Brandon Maxwell, Jason Wu, LaQuan Smith, Markarian, Monse, Prabal Gurung, Porenza Schouler, Rodarte, Sergio Hudson ak Telfar.

Prè vaksinasyon COVID-19 konplè, sa gen ladan atravè [Excelsior Pass](#), [Excelsior Pass Plus](#) oswa metòd verifikasyon altèn, obligatwa nan tout "evènman NYFW: The Shows".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)